ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗЭРЭ КЪЫДОКІ

№244 (22.402) ● 2012 гъэм дыгъэгъаззэм (декабрым) и 20, махуэку ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

«2012 гъэм, 2013, 2014 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуку» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «2012 гъэм, 2013, 2014 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуку» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхуэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іыс и яп къуэдзэ ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2012 гъэм дыгъэгъаззэм и 13-м
№1339-П-П

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Ныкъуэдыкъуэхэм хуащІэм хагъахъуэ

Республикэм и унафэщІ органхэм гульитэ нэхъыбэ хуащІын хуейщ зи щхьэ зыхуэмыхьэж цІыхухэм. КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен кІигъэувэ апхуэдэ кьалэныр щхьэусыгъуэ хуэхъуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іыхьсанэ Руслан УФ-м Социальнэ страховании и фондым и щІыналъэ къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Бэрокъуэ Ахьмэд дыгъуасэ зэрыхуэзам.

ЗИ ЩХЬЭ зыхуэмыхьэжэм папщІэ гъэ къэс Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгьуэхэр - щэрхъ зыщІэт щэнтжьейхэр, зыщІагъэкъуэн башхэр, медицинэм и Іэмэпсымэхэр, нэгъуащІхэри куэду кьащэху, протез зэмылІэужьыгьуэхэр ягъэхьззыр. А псоми трагъэкІуадзэ сом мелуан 74-м ноблагъэ, ауэ итІани ныкъуэдыкъуэхэр нэсу зыхуей псомкІи къызэрагъэпэщыфырхьыж.

Абы къыхэкІыу республикэм и Правительствэм кьалэну егъэуф ныкъуэдыкъуэхэм ират дэІэпыкъунытэм хагъэхъуэну. Апхуэдэ кьалэныр гъэззэщІэным тригъэкІуадэн папщІэ Социальнэ страховании кІэ фондым арэуэру сом мелуан 76,7-рэ хухихащ икІи а ахъшэмкІэ ныкъуэдыкъуэхэм зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэр кьыхуащхэнущ.

Хьэсанэ Руслан тхьэмадэ къыгъэувэ а ахъшэр зэгъэззэхуауэ дыззэрит илъэсым къагъэсебэпыну. Зэ1ущІэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ ныкъуэдыкъуэхэр санаторэхэмрэ курортхэмрэ кІуэн папщІэ путевкэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщым. Абы и ІыхьэкъуэкІэ иджыпсту гугъуехь пыухыкІакъэр щыІащ, зи уэзыншагъэр езыгъэфІэкІуэн хуейхэм ящыщу санаторэхэм ягъэкІуэфыр зыхуэфащэхэм я Іыхьэ плІанэрщ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым ткІийуэ къигъэуващ апхуэдэ щытыкІэм икІэщІыпІэкІэ зрагъэхъуэжьыну.

Къэралым и дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтын хуейщ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ис цІыху нэхъ хуэмыщІэхэм ядэІэпыкъуным дыззэрыт ильэсым федеральнэ бюджетым и ахъшэу сом мелард 1,2-рэ трагъэкІуэдащ. Къэралыр ядэІэпыкъуащ цІыху 73730-м. А бжыгъэхэр мымащІэми, къэгъэльэгъуапхъэщ зыхуэфащэ псоми ар зэралъытысыр. Атіэми хуэныкъуэхэр апхуэдизу кудщи, республикэм и бюджетыр мы Іуэхум пэлъащынукъым.

АРАЩ КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэм щІахуигъэувыр федеральнэ Іэнатіэхэм нэхъ тэмэму ядэлэжьну икІи, псальэм папщІэ, Хэку зауэщхэм и ветеранхэм, Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа гуэзвэгъуэм и лъужьыкъэ гъэззэкІуэжьным хэтахэм, ныкъуэдыкъуэхэм я унагъуэхэм зэрадэІэпыкъун ахъшэу Іэмал зэриІэкІэ нэхъыбэ къызэрагъэпэщыну.

Республикэм Пэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм абы и лъэныкъэкІэ иужьрей ильэситхум лэжьыгъэшхэр зэфІигъэкІащ. Абы хуэзфІэкІащ унагъуэ хуэмыщІэхэм щыщ сабийхэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэнымрэ гъэмахуэм зегъэгъэпсэхуным трагъэкІуадэ федеральнэ ахъшэр сом мелуан 17,2-м щегъэжьауэ сом мелуан 37,2-м нигъэсІи. А зэманым къриубыдэу ищхьэкІэ къыщыгъэльэгъуа сабийхэм щыщу мин 20-м нэблагъэм зрагъэгъэпсэхуащ. Апхуэдэу щыт пэтми, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іыхьсанэ Руслан жиІащ а ахъшэри куэдыщэ зэрымыхъур икІи министерствэм и унафэщІхэм я пщэ ирилъхьащ нэрылъагъуу абы хагъэхъуэну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуцтапіэ.

Щыхуэм и хунтыныгъэхэр хъумэнымкІи Уполномоченнэу КъБР-м щыІэм деж щызэхэт Эксперт советым и зэхьхьэ дыгъэгъаззэм и 14-м Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ.

АБы «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ кьызэгъэпэщыныгъэхэм я совет» зэгухьэныгъэмрэ Щыхуэм и хунтыныгъэхэр хъумэнымкІэ Уполномоченнэу КъБР-м щыІэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэ щызэращыІащ.

Зэ1ущІэр щыщыІэуфхьэм Уполномоченнэу КъБР-м щыІэ **Зумакулов Борис** жиІащ:

- Щыхуэхэм я хунтыныгъэхэр хъумэнымкІэ Іэмалыбгъэхэр диІэ хъуащ. Абыхэм зэхъуэкІыныгъэфІхэр кьаэрырикІуэм щыхьэт дытехъуэфынущ. Ауэ абдежым дыкъыщыззэтеувыІэнкІэ Іэмал иІэкъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, зэлъжьыпхъэу кьэнар нэхъыбэщ, зэфІэдгъэкІа Іуэхуэм нэхъыр. Уполномоченнэр зи пашэ гупым я іэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьоув УФ-м Тезырхэр ирегъэхьакІыныкІэ и федеральнэ кІуэлъым и управленэ КъБР-м щыІэм (УФСИН-м) щыІыгъ цІыхуэм я хунтыныгъэхэр хъума зэрыхъу щІыкІэм щыгъуазэ зыхуэщІынырт.

АдкІэ псалъэ зрата Уполномоченнэм и чэнджэщэгъу **Таукенов Мустэфа** тепсэлъыхьащ тутнакъэщым щаІыгъхэм.

- 2012 гъэм щыкІуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу КъБР-м и Правительствэм тутнакъэщІэ гъэзэжьащ. Ауэ абдежым дыкъыщыззэтеувыІэнкІэ Іэмал иІэкъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, зэлъжьыпхъэу кьэнар нэхъыбэщ, зэфІэдгъэкІа Іуэхуэм нэхъыр. Уполномоченнэр зи пашэ гупым я іэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьоув УФ-м Тезырхэр ирегъэхьакІыныкІэ и федеральнэ кІуэлъым и управленэ КъБР-м щыІэм (УФСИН-м) щыІыгъ цІыхуэм я хунтыныгъэхэр хъумэнымкІэ и федеральнэ кІуэлъым и управленэ щыІэм щыгъуазэ зыхуэщІынырт.

- Жыпіэн хуейщ ди щыналъэм ит тутнакъэщ псори зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкІэ къызэрызэмыгъэпэщащ, - кьыпищащ и псалъэм Таукеновым. - Абы и щыхьэтщ Уполномоченнэм мы зэманым ирихьэлІэу тхъэусыхэфэу кьыІэрыхьэхэр. Псальэм папщІэ, 2011-мрэ 2012 гъэм и мазэ 10-мрэ кьрнубыдэу, зэрымыварэщІэ кьагъэльэгъуэу, дэ зыкьытхуагъэзащ щыхьэт 80-м нэблагъэм. Тхьэусыхафэхэр кьыздикІ щыІпІэхэм Уполномоченнэм дэлажьэ гупыр дыщыІащ. ДызэкІуа тутнакъэщхэм я нэхъыбэм зэрыщытын хуейм хуэдэу псы хуабэмрэ псы щІыІэмрэ тэмэму щагъэзэтыр-кьым, электрокъарур зрегъэкІуаІэми арэзы укъэщІыркъым. ЯгъэтІысакэм зыщагъэкъэзбэзн щыІпІэхэр зэрамыІэм, сымаджэхэм еІэзэн дохутырхэр зэрыщымыІэм кьыхэкІкІэ, ялынькъуэ хьэпсхэм я лэжьыгъэр кьызэтрагъэувыІащ. Зи гугъу тщІы щхьэусыгъуэхэм кьахэкІкІэ, мы зэманым зэхуэщІащ Шэджэм, Іэскэн, Іащщхьэмахуэ, Зэрэдж куейкэм хабзэм ебгъкъуахэр пІалъэхэр щаІыгъ тутнакъэщхэр.

УФ-м Тезырхэр ирегъэхьакІыныкІэ и федеральнэ кІуэлъыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм (УФСИН-м) и тхьэмадэ **Федоров Василий** зэ1ущІэм щыжаІэхэм езыри зэрыщыгъуазэр кьыхигъащІащ.

- Зыхуей-зыхуэныкъуэхэм ехьэлІауэ тутнакъэщым щІэсхэм гульитэ нэхъыбэ ягъуэшІ зэрыщІэтыр. Ауэ ныкъуэдыкъуэхэм я іэнатІэм хуэдэ ящІэ, ЦІыхум и хунтыныгъэхэр хъумэнымкІэ УФ-м и Уполномоченнэ Іукин Владимир кьыбгъэдэкІ щІыхь тхьыльэ иратащ Уполномоченнэу КъБР-м щыІэ Зумакулов Борисэ Нартан кьуажэм дэт еджапІэ-интернатым и унафэщІ Алишанов Алисултанрэ. Ар ирыграгъэхьэлІащ дыгъэгъаззэм и 10-р ЦІыхухэм я хунтыныгъэхэр хъумэнымкІэ дунейпсо махуэу зэрыщытам.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

● Лэскэн куей

Лъэ быдэкІэ мэув

Лэскэн районым нобэ и щІэфыкІэ кьыщІэупчІа «Система» агрофирмэм.

АБы ЩІы гектар 460-рэ егъэбыдылІащ, сыт и лъэныкъэкІи тэмэму кьыІэригъэсэбэпыным хущІокъу.

Хозяйствэм ильэс зыбжанэ хьуауэ ЗЕСЗ США-м кьыщІэгъэкІ «Монтана» гуэдз лІэужьыгьуэр. КьыІэрагъэльтэмкІэ, абы фІагъкІэ лъэщІыхьэн иджыпсту зыщІыпІи щІыкъым. Псом нэхьрэ нэхьащхьэращи, ди щІыпІэм и дуней щытыкІэм хьарзынэу ІоэзэтІ. Иджырей мардэхэм тету ар зытрасэ щІым предприятэр зэрелэжьар Іэужьыныпэ хьуакъым - зы гектарым хуэзэу центнери 100 къариатащ. Хэгъуэ зэманым абы псыІагъэу кьынщтэр зэрымащІэм и фІыгъэкІэ, хьуманІэхэм кІыхьу щІэбгъэльэкІи зэранИэкъым.

«Система» агрофирмэм иІэщсом мелуан 30-40 и уасэ техникэ зэмылІэужьыгьуэхэр. Ахэр сэгъуэ, хэгъуэ лъэхъэнэхэм дежи адрей мэкъумэш Іэнатіэхэми ядоІэпыкъу, кьапэкІуэ уасэри предприятэм кьыхуосэбэп.

Зи гугъу тщІы Іуэхущапіэр Іэщ гъэхъунми йолэжь. Иджыпсту щІэпхауэ ІэщІэвыщІэу 180-рэ ягъашхэ. Махуэм хуэзэу абыхэм я хьэльагьым 1 килограмм хагъахъуэ. Агрофирмэм и Іэтащхьэ Галачиев Артур зэрыжиІамкІэ, дызытехьэ 2013 гъэм Іэщыщхуэхэм я бжыгъэм кьыхагъэхъуэну я мурадщ абыхэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Аруан куей

Къат куэду зэтету Нартхьалэ дэт унэхэм я бжэІупэхэр зыхуей хуагъазэ.

Егугъуу мэлажьэ

ТЭРЧОКЪУЭМ и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэхэм ящыщ зым «Фэтэрым щІэсхэм я товариществэ» (ТСЖ) кьызэрыщцызэрагъэпэщрэ куэд мыщІа пэтми, цІыхур зыщыгуфІыкІын Іуэху щхьэхуэзэхэ кьрахьэлІэн яхуэзэфІэкІащ; бжэІупэр зэтес ящІащ, уэз гъэгъа гъэкІыпІэ яухуащ, тетІысхьэпІэхэр ихъуреягъкІэ щагъэуващ.

Иджыблагъэ абыхэм кьахэхъуэщ хъыринэхэмрэ пшахъуаІъэхэмрэ. ТСЖ-м хэтхэмрэ унэм щыпсэухэмрэ зэгъуэгу сыт хуэдэ лэжьыгьэри кьрахьэлІэ. Къапщтэмэ, куэд щІауэ адэ-анэхэм я нэ кьызыхуикІ пшахъуалъэр кьызэрагъэувыхьар уасэ зыщІатын хуей кьэухь лъапІэхэмкІэкъым, атІэ дэнэ и дежи пщІэншэу щыбгъуэтыну машинэ шэрхъхэм я покрышкэхэрщ. Ахэр куууэ щІым хатІащ, нэр ихьхуу лэч зэмыфэгъухэмкІи ялэжащ. Мыхэр гъущІ бжыхьэкІи нэхъри куэдкІэ зэрыпэхъ шынагъуэнщэри кьэлъытапхъэщ.

Апхуэдэу ягъэбелджылащ щхьэ зытелъ псэуалъэ етІанэгъэ щаухуэну щІыпІэри. Мы махуэхэм а щІыпІэр захуэ щхьэщ, мыпэхІэщхьэхэри щракІутащ, гъатхэ зэрытехьэу лэжьыгъэм зэрыпэрыхьэным хуэдэу.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Къэдмыгъэсэбэпу хъуну пІэрэ?

Саратов кьалэм и тыкуэнхэм ящыщ зым кІуэхэр дыгъуасэ гужьегъуэмрэ щыхьэгъусэмрэ зэгъэзэжьащ.

Къэдмыгъэсэбэпу хъуну пІэрэ?

Саратов кьалэм и тыкуэнхэм ящыщ зым кІуэхэр дыгъуасэ гужьегъуэ хэлъащ.

Кьатитіу зэтет, хьэрэкІытІэхэр, ахэр зэрыдрагъэпытэй Іэмэпсымэхэр щащэ тыкуэным зыІэзыбжьэм мафІэс къыщыхъуащ. Насыпі яІэти, ар псынщІэу ягъэзнИэфІыжащ, щІыхуэмэ зэран яхуэхъуакъым.

МЧС-м щІэх-щІэхьуэ щІыхуэхэм захуегъаззэ сакъыну, мафІэс къззышэнкІэ, щыхуэмэ фэбжь зыхаХынкІэ хъуну Іэмэпсымэхэр къамыгъэсэбэпыну къыхуриджэу. Апхуэдэу щытми, ИльэсыщІэр къыззрихьэр щагъэльапІэкІэ къагъауэ Іэмэпсымэхэм нэщхъеягьуэ куэд къыззрашэм дыщыгъуазэщ. Аращи, Іуэлъауэу ящІым щІыху куэд гугъу зэрыригъэхьым и мызакъуэу, щынагъуэшхуэ зэрыпылъри къэлъытауэ, а Іэмэпсымэхэр къэмыгъэсэбэпыным зэрынэхъ зэрынэхъ тэмэмыр кьыдгурыІуэну и чэзу мыхъуауэ пІэрэ?

Мы махуэхэм

Дыгъэгъаззэм и 20, *махуэку*

t **УФ-м шынагъуэшагъэмкІэ и органхэм я лэжьыкІуэм и махуэщ**

t 1917 гъэм ВЧК-р (Урысейпсо чрезвычайнэ комиссэр) къызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщІу ягъэуват Дзержинский Феликс.

t 1944 гъэм КъБР-м щыхь зиІэ и журналист, публицист **Гъуэлпльащэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

t Тхакіуэ, журналист **Хьэ-Іуащы Муэвд** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты мкІэ, Налшык уэс кьыщесынущ. ЩІыпэ махуэм градуси 3 - 2, жэщым 4 - 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъаззэм и 21, *мэрем*

t 1237 гъэм Хьан Батий и дзэм Рязань игъэсащ.

t 1944 гъэм ВКП(б)-м и обкомым унафэ кьыщташ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскэн районхэм газет кьыщыдэгъэкІыным тегущыІэуэ.

t **Дыгъэм кьегъэззэк**

t Парт, къэрал лэжьакІуэ, генералиссимус, Совет Союзым и ЛІыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Сталин (Джугашвили) Иосиф** къызэрэлъхурэ илъэси 133-рэ ирокъу.

t Тхакіуэ, щІэныгъэлІ **Елмэс Іэулдин** къызэрэлъхурэ илъэс 80 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты мкІэ, Налшык уэс кьыщесынущ. ЩІыпэ махуэм градуси 6 - 4, жэщым 6 - 4 щыхъунущ.

Пліанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариэкэ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Гъусэ бзаджэм мысэ уещІ.

Студентхэм къагъэувэр

Урысей къэрал сату-экономикэ университетым и ректор Бабурин Сергей я телъхьэщ я еджапІэ нэхъыщхьэр мыхьэнэ щІэгъуэ зимыІэхэм зэрыхагъэхьар ямыдзу забастовкэ ешІэжькІуэкІ студентхэм. Абыхэм къэхъуар щыуагъэу кьалъытэ икІи къагъэув ар зэрагъэзэхуэжыну.

— УФ-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іыс и Іэнатіэм хуэзэу Іуэхуэ щІэсхэм гульитэ нэхъыбэ хэлъу къагъэпэщащ. Ар Іуэхуэ щІэсхэм я іэнатІэм хуэдэ ящІэ, ЦІыхум и хунтыныгъэхэр хъумэнымкІэ УФ-м и Уполномоченнэ Іукин Владимир кьыбгъэдэкІ щІыхь тхьыльэ иратащ Уполномоченнэу КъБР-м щыІэ Зумакулов Борисэ Нартан кьуажэм дэт еджапІэ-интернатым и унафэщІ Алишанов Алисултанрэ. Ар ирыграгъэхьэлІащ дыгъэгъаззэм и 10-р ЦІыхухэм я хунтыныгъэхэр хъумэнымкІэ дунейпсо махуэу зэрыщытам.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

● ИлъэсыщІэр къоблагъэ

Хабзэ хьуауэ, Илъэсыщ Іэм и пэ кьихуэу, КъБР-м и Парламентым и Щалэгъуалэ палатэм псапащІэ концерт кьыззрегъэнэщ. Мы гуэм гульитэ зыгъэсар сабий сымаджэхэращ.

Сабий куэд мы концертым зэхуишэсат, я адэ-анэхэри ящІыгъуу. Пшыхьым хэта артист ныбжьыщІэхэм зэхуэсахэм я гукъыдэжьр кьаІэтащ.

ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ Джаппуев Мусэ зэрыжиІамкІэ, илъэс щІэкІанэ хьуауэ ирагъэкІуэкІ мыпхуэдэ зэхьхьэхэр. Иджырей концертым кьыхэкІа ахьшэр трагъэкІуэдэнущ ДЦП узыфэ зыпкърыт сабийхэмрэ Зеикъуэ кьуажэм дэт интернатым щыІэхэмрэ я узыншагъэм кІэлъыплъыным.

КъБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ щыхьэгъусэхэм я Іэнатіэхэмкі э и комитетым и унафэщІ Хьэщхьэжь Татьянэ псапащІэ Іуэхум хэта дэтхэнэми фІыщІэ хуищІащ.

- Гуапэщ щІалэгъуалэр гульитэ хуэныкъуэхэм зэрадэІэпыкъур, цІыкІуэхэр зэрагъэгъуфІэр. Мы сабийхэм къаймэщІэкІыр цІыхуэм я гуапагъэрэ гульитэрэщ, - жиІащ Хьэщхьэжьым.

ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэм я мурадщ Зеикъуэ кьуажэм и интернатым щыІэ сабийхэм саугъэтхэр хуащэну, ДЦП узыфэ зиІэ сабийхэр зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэм кьыхуащхэну.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **ТОЛІГУРОВ Чэмал** *трихащ.*

КъБР-м и Іэтащхьэм и щхьэгъусэм и тыгъэ

Налшык къалэ Правительствэм и Унэм къегъэщІылІа утым щызэпкъраІэхьащ республикэм и Илъэсыщ Іэ псей нэхъыщхьэр.

АР КъБР-м и Іэтащхьэм и щхьэгъусэм ди цІыхухэм тыгъэ яхуищІауэ щытащ 2010 гъэр кьыщихьэм ирихьэлІэу. Метр 18 зи ІьагагъэІ а жыг дегъуэм нэмыщІ, Къанокъуэ ФатІимэ абы щыгъуэ уэздыгьейуи щы кьыщэхуауэ щытащ, дэтхэнэми метр 14 и ІьагагъэІу. Абыхэм ящыщу тІур Пятигорскрэ Владикавказрэ къикІ ГъуэгуэгъэР Налшык кьыщыдыхьэм деж, зыр езы ФатІимэ щалъхуа Нартхъалэ и Ут нэхъыщхьэм щагъэуващ.

Гуапагъэрэ гулъытэрэ хуэныкъуэхэр

Дунейм и щытыкІэнур

Дыгъэгъаззэм и 20, *махуэку*

t **УФ-м шынагъуэшагъэмкІэ и органхэм я лэжьыкІуэм и махуэщ**

t 1917 гъэм ВЧК-р (Урысейпсо чрезвычайнэ комиссэр) къызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщІу ягъэуват Дзержинский Феликс.

t 1944 гъэм КъБР-м щыхь зиІэ и журналист, публицист **Гъуэлпльащэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

t Тхакіуэ, журналист **Хьэ-Іуащы Муэвд** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты мкІэ, Налшык уэс кьыщесынущ. ЩІыпэ махуэм градуси 3 - 2, жэщым 4 - 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъаззэм и 21, *мэрем*

t 1237 гъэм Хьан Батий и дзэм Рязань игъэсащ.

t 1944 гъэм ВКП(б)-м и обкомым унафэ кьыщташ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскэн районхэм газет кьыщыдэгъэкІыным тегущыІэуэ.

t **Дыгъэм кьегъэззэк**

t Парт, къэрал лэжьакІуэ, генералиссимус, Совет Союзым и ЛІыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Сталин (Джугашвили) Иосиф** къызэрэлъхурэ илъэси 133-рэ ирокъу.

t Тхакіуэ, щІэныгъэлІ **Елмэс Іэулдин** къызэрэлъхурэ илъэс 80 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты мкІэ, Налшык уэс кьыщесынущ. ЩІыпэ махуэм градуси 6 - 4, жэщым 6 - 4 щыхъунущ.

Пліанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариэкэ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Гъусэ бзаджэм мысэ уещІ.

Дунейм и щытыкІэнур

Дыгъэгъаззэм и 20, *махуэку*

t **УФ-м шынагъуэшагъэмкІэ и органхэм я лэжьыкІуэм и махуэщ**

t 1917 гъэм ВЧК-р (Урысейпсо чрезвычайнэ комиссэр) къызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщІу ягъэуват Дзержинский Феликс.

t 1944 гъэм КъБР-м щыхь зиІэ и журналист, публицист **Гъуэлпльащэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

t Тхакіуэ, журналист **Хьэ-Іуащы Муэвд** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты мкІэ, Налшык уэс кьыщесынущ. ЩІыпэ махуэм градуси 3 - 2, жэщым 4 - 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъаззэм и 21, *мэрем*

t 1237 гъэм Хьан Батий и дзэм Рязань игъэсащ.

t 1944 гъэм ВКП(б)-м и обкомым унафэ кьыщташ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскэн районхэм газет кьыщыдэгъэкІыным тегущыІэуэ.

t **Дыгъэм кьегъэззэк**

t Парт, къэрал лэжьакІуэ, генералиссимус, Совет Союзым и ЛІыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Сталин (Джугашвили) Иосиф** къызэрэлъхурэ илъэси 133-рэ ирокъу.

t Тхакіуэ, щІэныгъэлІ **Елмэс Іэулдин** къызэрэлъхурэ илъэс 80 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты мкІэ, Налшык уэс кьыщесынущ. ЩІыпэ махуэм градуси 6 - 4, жэщым 6 - 4 щыхъунущ.

Пліанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариэкэ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Гъусэ бзаджэм мысэ уещІ.

Эк оном ик э | Политик э

Махуэ к у

Кав к аз Ищхъ э рэ | Жы лагъ у э

Зеиншэхэр кавказ унагъуэхэм щедгъэпI хъунущ

● Жэрдэм

Федераци эмкIэ Советым и Унафэщым и къуэдзэ Торшин Александр къелыкIэ Урысейм и Ищхъэрэ, КъуэкIыпIэ Жыжьхэхэм щыпсэу сабий зеиншэхэр кавказ унагъуэхэм пращэпIмэ, Ищхъэрэ Кавказым урыс хэм къагъэзэжынымкIэ ар щхьэпэну.

- АБы сабийхэм ятекIуа-дэ ахъшэр нэхъ зэгуфеизэхуэну, цIыхухэм зашIэдгъэкъуэну Iэмал къыдитынущ, - жеIэ Торшиным.

Сабий къэзыщтэ унагъуэм къералыр сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъун хуейуэ кьелыитэ абы.

- Урысейм и сабийхэм кавказыбзэхэр ящIэныр лъэпкъэр зэрыльытэным щхьэпэнущ, езы сабийхэри Кавказым щызекIуэ хабзэ дахэхэм щIэпIыкIа хъунущ, - жеIэ сенаторым.

Илъэс дызыкIыхьэнум Торшин и мурадш а Iуэхум теухуауэ Хлопонин Александр, Президентым и лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм, вице-премьерым, епсэлъэну.

Торшин и жэрдэмымкIэ арэзыи ар зымыдэххи щыIэщ. Политолог Мисиков Алан къызэрилытэмкIэ, къэралым и сабий унэхэмэ з унагъуэхэмэз уэхдэмэ, дэтхэнэ зеиншэм дежкIи ныжьрейр нэхъыфIщ.

- Я нэхъ машIэрамэз, сабийхэр кьэтэджвынуц Кавказым щызекIуэ хабзэхэр, бззэкр ящIэу. Урыс сабий зыпI унагъуэхэм шэч кьытрамыхьэу жаIэфынущ Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэувэным езыхэри зыгуэркIэ зэрящыхэпар, - жеIэ Алан.

Ставрополь и муниципальнэ къэзакъ дружинэм и унафэщI Стадников Вадим кьелыитэ Торшиным къигупсысам утепсэлъыхьыну лейуэ.

- Сэ абыкIэ сыарэзыкъым. Акъылым кьимыубыдщ, сенаторым жиIар. Сабийр чристэн унагъуэм къыщалъхуамэ, ар мусльымэн унагъуэм кьыщыщыхутэн щыIэкъым. Фыуэ зэгупсыса хьилагъэу илъэс 20 хуэдизкIэ уэлIэбзэкIыжмэ. Тщыгъупщэжащ Москва и театр нэхъыфIхэр Кавказым кьакIуэу, я лжьыгъэ ягъэльагъуэу зэрыщытар. Миронов Евгений сэрэ кьыхэтлъхэри, Путин Владимири кьыздиIыгъащ 2013 гъэм накьыгъэ мазэм Урысейм и театр цIыкIуэхэм я фестиваль Пятигорск щедгъэжьэкIыну. Ахэм гала-концертхэр щагъэльэгъуэнущ республикIэ псоми, студентхэм щхьэкIэ мастер-классхэр ятынущ. А псом мыхьэнэшхуэ иIащ. Ар дэ тфIэкIуэдаращ, ауэ Iэмал имыIэу зэтедублэжынущ.

Политик э

Лышхым уэзэрытекIуэн Iэмал

● Узыншагъэ

Иджырей медицинэм кIуэ пэтми Iэмал нэхъыбэ къыдет узыфэ зэхуэмыдэхэм дыпэщIэтыфынымкIэ, дытекIуэнымкIэ.

ИлъэС 30 зи ныбжь дохутыр Тотиков Заурбэч лышх зыхьихьа кIэтIиI гъуэмэ уэзрелIэзэфынум теухуауэ къигъэсабэп Iэмалым щхьэкIэ Урысей Федерацэм и Президентым и саугъэтыр къыхуагъэфэщауэ, тпэгъунэгъу илъэсищым кIуриубыдэу мазэм сом мин 25-рэ къратынущ.

КIэтIиI гъуэмм лышх къыхьихьауэ щыхуэ щыхуэнукъым. ИлъэситIым и кIуэщIкIэ ищIэнур щIэу щыхур сымаджэ хьэлъэ хъуа нэужьщ а узыфэр къыщахутэр. Операцэ фIэкIа нэгъуэщI Iэмали абы иIэкъым. Апхуэдэ операцэм йолIыкI ар зыщIэжьын хуейм и процент 20-р, операцэ нэужьми сымаджэ хьэлъэу кьанэр машIэкъым.

Осетин щIалэм кьыгъэсэбэп Iэмалхэм я фIыщIэкIэ операцэ нэужьым илъэситхукIэ псэужхэм я бжьигъэ процент 10-15-кIэ нэхъыбэ хъуащ, уеблэмэ лажьэ зимыIэжу узынщэ дыдэу екьэжьхэри щыIэщ.

КIэтIиI гъуэмр лышхым нубыдыныр кьыхоиI фадэм, тутыным, щыхур и чэзум тэмэму мышхэным, кьэзыльхуахэм япкърыта узыфэу кьыхуэкIуэнум, - жеIэ Заурбэч. - Узыфэр нэхъ зэуалIэр илъэс 50-м щхьэдэхаэращи, мыхьэнэшхуэ иIэщ и чэзум дохутыр зрагъэпIпыным. Лышхым утекIуэфынущ, хэмытIасэ щыкIэ яужь унхьэмэ. УтекIуэныр щыгъэтауэ, а узыр зыпкърыта цIыхур лажьэ имыIэжу пхуэгъэхъужынущ.

Тотиков Заурбэч и къэхутэныгъэхэр медицинэ Iуэхущапэхэм кьыщагъэсэбэпынымкIэ дэIэпыкъуэгъу мэхъу кьыдэлажьэ дохутырхэр.

- Осетие Ищхъэрэм и медицинэ академием госпитальнэ хирургиемкIэ и кафедрэм и ассистент Медоев Бадим жеIэ:

- Заурбэч къигупсысар Iэмал гъуэзэджэу кьыщIэпIыгэтым и япэ щхьэусыгъуэр сыт хуэдэ клиникэмэ, уеблэмэ рентген е УЗИ фIэкI здащымыIэм, кьыщыбгъэсэбэп зэрыхъурц.

Дохутырыныр Тотиковэм унагъуэ Iэщ Iагъэ яхуэхьауэ жыпIэ хъунущ. Заурбэч и адэ Тотиков Валерий республикэм узынщагъэ хъуэмыжкIэ и министерствэм и хирург нэхъыщхьэщ.

- Япэм щыхуэхэм я узынщагъэр илъэс къэс кьапщытэу зэрыщытар щыIэжкъыми, узыфэхэр хотIасэ. Ди республикэми кьэралми кьат бжьигъэхэм кьагъэпэгъуэ лыих узым зэрызнубгъур, цIыху куэд дыдэ абы зэриубыдыр, апхуэдэ сымаджэхэм я бжьигъэ махуэ кьэс зэрыхъхъыр. Илъэс зыбжанэкIэ узэIобэкIыжмэ, дохутыркъэр абы пэIэщыртэжыну, - жеIэ абы.

Хирург нэхъыщхьэм кьыхигъэщащ, псалъэм папщIэ, США-м лышхым пэщIэтыным илъэс къэс доллар меларди 5 зэрытригъэкIуа-дэр. Кьыджиащ лыих зыпкърытым япэ илъэситхум дохутырым и нэIэ тетын зэрыхуейр.

Заурбэч и Iэмалхэм я фIыщIэщ сымаджэхэм я зэхуэдитIыр операцэ нэужь илъэситху пIалъэм зэребжьыуфыр, я гъащIэм кьыузэрыпищэр.

Тотиков Заурбэч и Iэмалхэм тещIыхьауэ операцэу 150-рэ ищIащ. Ауэ дохутырым и кьэхутэныгъэ лэжьыгъэр зы махуи щигъэтакъым, езым кьигупсысар кIуэ пэтми зэрыригъэфэкIуэным яужь итщ.

Щыгъуэ зиIэ щIалэм теухауэ. Заурбэч къынхащ Владикавказ дэт медицинэ академиер. 2006-2009 гъэхэм абы и щIэныгъэмрэ и IэщIагъэмрэ щыхигъэхъуащ Ганновер Дюссельдорфрэ (Германие). Медицинэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, езыр щеджа академием лыих узыфэм хуэхэха госпитальнэ хирургиемкIэ и кафедрэм и ассистентщ. Абы и щIэныгъэ тхыгъэу 100-м щигъу Урысейм, нэгъуэщI къэралхэм кьыщыдэкI медицинэ журналхэм кьытехуащ.

ЛАЦОЕВ Мурат.
«Российская газета»

● Фэеплъэр

Церетели и тыгъэ

Франджым и ипщэ лъэныкъуэм щыIэ Мец кьалэм щагъэуващ урысей скульптор Церетели Зураб Европей союзыр кьыззэзыгъэпэщахэм яхунщIа фэеплыр.

МОНУМЕНТЫМ хиубыдащ къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэхэу Аденауэр Конрад, Шуман Робер, Альчиде де Гаспери, Монне Жан сымэ. ХХ лэщIыгъуэм икуэм ахэращ ЕС-р кьызэгъэпэщыныр зыублар. Домбеякъым кьыхэщыкIа монументыр бгъэдгъэуващ Европарламентым и япэ унафэщIу щыта Шуман Робер и унэ-музейм. Фэеплыр кьызэIуихыжащ Нобель и саугъэтыр ЕС-м кьратынымрэ зэрызэтехуам Зурабэ щыгуфIыкIащ. «Си псэм ищIам хуэдэт ЕС-м дуней псом и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу кьызэралытэнуэр», - жиIащ скульпторым. Псалъэм кьыдэкIуэу жыпIэмэ, Церетели ищIа фэеплъ зыбжанэ Франджым щагъэуващ.

«Эхо планеты» журнал.

● Гъунапкъэхэр

Италиер нэхъ гъунэгъу тхуащI

Минводы къалэм къыщызэIуахащ Италиим и генконсульствэм и Iуэхущ Iапэ. Ставрополь крайр къыщыхахам и щхьэусыгъуэр мы щIыналъэмрэ Италиемрэ сату зэдащIэм кIуэ пэтми зэрыхэхъэурц.

ИлъэС къэс еврэ мелуан 50 хуэдиз къызэщIеубыдэ крайм ирашымрэ кьрашэмрэ. Абы къыщынэмыщIауэ, Ставрополь крайм и цIыху мин зыбжанэм гъэ къэс зыщагъэпсэху Венециер, Рим, Неаполь, нэгъуэщI къалэхэми.

- Европей къэралхэм щыщу дэращ Кавказ Ищхъэрэм япэу Iуэхущ Iапэ къыщызэIуахар, - жиIащ Италиием и генеральнэ консулу ЮФО-мрэ СКФО-мрэ щыIэ Подиджиани Пьер Паоло. - Мы Iуэхущ Iапэр Ставрополь краймрэ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэмрэ дадэлэжьну дызэрыхуейм хуэтча япэ лъэбакъущ.

Итальянкэм зэрыжаIэмкIэ, генконсульствэм и Iуэхущ Iапэ илъэсыщIэм и япэ мазэм къыриубыдэу Ставрополь, Налшык къалэхэм къыщызэIуахынущ.

ДРОБОТОВ Алексей.
«Комсомольская правда»

● Японие

Хуэфэ Iэкъыщ пIэрэ?

Японием и либерал-демократ партыр иужьрей хэхъыныгъэхэм щытекIуащ. Партым и пашэ, правительствэм и унафэщI хъуа Абэ Синдзо къущыхъум зэрыпэрыувэу япэу зи гугъу ищIар Урысеймрэ Японием зэпаубыда щIыхэм теухауэ хэкIыпIэ къызэригъэтынурц.

ЗЭРЫТЩIЭЩИ, мы къэралитIым мамыру зэдэгъэгурыкIуэным теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIыхIэфакъым ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэриухрэ. Iуэхур щIэмыкIуатэр японхэр ауэ жыжьэуи еувэлIэну хуейкъыми аращ Курил хытIыгухэр зэралэщIэкIам. Ахэм теухауэ зэпсэлъэну дапщэрэ яужь имыхьами, Iуэхум зыри къыкIакъым.

- Сэ сыхущIэкъунущ щIым щхьэкIэ дызэрызэдаумэ кIэ есту мамыр зэгурыIуэныгъэм къэралитIым Iэ трезгъэдэну, - жиIащ Абэ, дыгъэгъазэм и 17-м Токио щекIуэкIа пресс-конференцым къыщыщыпсалъэм. - Президент Путин етIуанэу Кремлым игъэзэжащ, сэри иджы етIуанэу премьер сыхъуащи, япон-урысей зэхущытыкIэр едгъэфIэкIуэну дыпылъынущ. Путин премьеру щыщытам сэ абы зыбжанэрэ сыхуэзащ икIи щэч кьытесхьэрэкъым псалъэ къызэрызэхуэдгъуэтыфынум.

ЗэкIэ гурыIуэгъуэкъым Абэ урысей лъэныкъуэм къыщепсалъэкIэ нэхъ зытригъэщIэнур. 1945 гъэ лъандэрэ Японием Урысейм кьыпиубыдхэр зэтехуэркъым. Японием и МИД-м 1955 гъэм игъэбеджьлат «Сахалин Ищщэмрэ Курил хытIыгуэмрэ зыIэрыгъэхьэжьын, итIанэ адрейхэм тепсэлъыхьыным яужь ихьэн». «Тхыдэ щхьэусыгъуэхэм» епхауэ Курил хытIыгу ищщэхэм щIэдэуи, итIанэ Хабомаи, Шикотан хытIыгуэхэр зыIэрыгъэхьэжьын».

Хрущев Никитэ, мамырыгъэмкIэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзмэ, а псомкIи зэрырэзыр щыжиIэм, японхэм къыщIагъалъэу хуежьащ, Курил Ищщэхэр зэрыщыту (Кунашир хытIыгушхуэри дэщIыгъуэ) иратыжьи хуейуэ къагъэуващ. Арати, Iуэхум уэрэд трамыщIыхьыфу абы лъандэрэ йокIуэкI. Зэманым кьигъэлъэгъуэнщ адэкIэ къэхъунур.

НАДЕЖДИН Дмитрий.
«Российская газета»

● Iэпхъуэшапхъуэ

Инджылызхэр зыпэмыплъат

Пшагъуэр зыхуэлъэ Альбионым щыпсэум и дэтхэнэ еянэри нэгъуэщI къэралым къиIэпхъукIащ. Лондон къащтэмэ, абы дэс хэхэсхэр нэхъыбэ хъуащ езы инджылызхэм нэхъри.

МЫ бжьигъэхэр наIуэ къэхъуащ 2011 гъэм Инджылызым и цIыхухэр кьыщIибжьжьым.

Иджырей Британием и Iуэху зытетыр социологие къэхутэныгъэншэуи кьыбгуроIуэ Лондон удэтмэ. Ауэ и жьрыкI бжьигъэхэм кьагъэлъэгъуэр инджылызхэр зыпэмыплъат. ИльэсипщI ящкIэ яIа бжьигъэмрэ иджыреймрэ щыхьэт зытехуэщи, Лондон кьыумыщIыхьужьным хуэдизу зихьэжащ.

Иужьрей ильэсипщым Инджылызымрэ Уэльсымрэ я цIыху бжьигъэр процент 7-кIэ нэхъыбэ хъуащ (цIыху мелуан 56,1-рэ). Ахэр апхуэдэу псынщIэу зыгъэбэгъуар нэгъуэщI къэралхэм кьиныIу кьахэтIыс хьаэрщ. 2011 гъэм Британием хэхэсу щыпсэур мелуани 4,6-рэ хъууэ щытамэ, 2012 гъэм ар мелуани 7,5-м нэсащ. Иджыри абы цIыху мелуани 4,8-рэ щопсэу инджылыз паспортыр ямыIэу. Хэхэсхэм ящыщу мелуани 2,3-рэ ЕС-м хэт къэралхэм я цIыхуэ, мелуани 2,4-рэ - европейкьым.

Инджылызым щыхэхэсхэм я нэхъыбэр Индиеращ кьызэдикIар (цIыху мин 700-м нэс), Польшэм кьиIэпхъукIар мин 579-рэ мэхъу, Пакистаным - мин 480-м щIегъу.

Нэхъ гъэщIэгъуэну кьыщIэкIар Лондон и «сурэтырщ». ЦIыху мелуани 8 щопсэу Лондон. Дуней псом иджы япэу кьыщыхъуауэ аращ зы къэралым и кьалащхьэм хэхэсхэр абы щалъхуахэм ебжьыныр.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дину зэрахьэри нэхъ зэмылIэужьыгъуэ хъуащ. Чристэну зыкъэзыIыхьэу Англиемрэ Уэльсрэ щыпсэур процент 59-щ зэрыхъур (бжьигъэкIэ - цIыху мелуан 33,2-рэ). Муслъымэнхэм я бжьигъэр процентыр 5-м нэсащ.

НэгъуэщI къэралхэм я Iуэхур сытым тет зи гугъу тщIым теухуауэ?

Германием и цIыхухэм щыщу мелуани 8,6-р нэгъуэщI къэралхэм кьыщалъхуащ е абыхэм кьатекIуэкIыжащ. Апхуэдэхэм я нэхъыбэр тыркущ. ЦIыху мини 7-м щигъум ФРГ-м и паспорт яIэкъым. Мы гъэм Германием Iэпхъуэхэр нэхъыбэу эдикIар Польшэ, Алыдж, Венгрие, Испание, Португалие къэралэращ.

Франджым хэхэсхэу мелуани 5,3-рэ щопсэури, абы щыщу процент 41-ращ къэралым и цIыхум и документ зиIэр.

ЗАБРОДИНЭ Екатеринэ.
«Российская газета»

● ТIэщIэкIащ

АвтоВАЗ-р дыдеIэжкъым

Урысей автопромым къыхуэнэжауэ щыта зы предприятэ закъуэрэ IэщIэкIащ.

RENAULT-NISSAN альянсым къыщэхуащ Урысей автозаводым и акцэхэм я процент 50,1-р. Предприятэр зейуэ щыта «Ростехнологии» къэрал корпорацэм къыхуэнэжар акцэхэм я процент 24,5-щ.

Илъэс зыбжанэ хуауэ мы заводыр ящэ, ауэ уасэмкIэ зэгурымыIуэу кьекIуэкIырт. ИкIэм-икIэжым зэгурыIуа-хэщ: альянсым доллар мелуани 742-рэ заводым щIитынущи, ар Iыхьищу гуэшауэ пIалъэ пыухыкIам тету кьыхилъхьынущ.

«Автостат» агентствэм и унафэщI Целиков Сергей заводыр лъапIэу тщауэ къыльытэркъым, уеблэмэ нэхъыбэ къыщIэтхыфынымрэ щытащ. «Урысейм предприятэм и Iуэху хэлъыжкъым», - жеIэ абы.

Iуэхум хэзыщIыкIхэм къызэралытэмкIэ, АвтоВАЗ-м къыщIигъэкIынур Европэм щыпхъымыкIыж, жьы хъуауэ къальытэ машинэ лIэужьыгъуэхэращ. Целиковым кьелъытэ заводыр 2020 гъэ пщIондэ щIэуэ зэтегъэпсыхьажьыным теухуа программэр ягъэзащIэу икIи абы щекIуэкIым Iей лъэпкъ хэмылъу.

Сыт хуэдэ машинэ къыщIащIынур? Урысейм и щыхьэхэм нэхъ ящэхуфынур? Европэм щажэгъуэ машинэ лIэужьыгъуэхэра е АвтоВАЗ-м къыщIигъэкIыу щытахэм ящыщ ирагъэфIэкIуэну - ар альянсым унафэ зэрищIу. Абыхэм ахъшэ кьалэжьын хуейщи, цIыхухэр зыпэлъэщынум траухуэнущ. ВАЗ-м къыщIигъэкIхэр «цIыхубз» машинэу кьалытэ. Китайскэм машинэ пуд къыщIагъэкIынымкIэ ехъулIэныгъэшхуэ яIэ зэрыхъуам тепщIыхьмэ, ВАЗ-м и унафэщIхэм яхуэзфIэкI кьаГъэнэнукъым уасэр ешэгъабгъу щытынымкIэ.

«Автомир» журналым и редактор нэхъыщхьэ Климанович Леонид зэрыжиIэмкIэ, уасэм, уеблэмэ сом мин 20 - 30 хагъэхъуэфынукъым, хьэрхуэрэгъум ейр пудщи.

АРСЮХИН Евгений.
«Комсомольская правда»

● Куржы - Урысей

Зэпсэлъэн щIадзэ

УФ-м хамэ къэрал IуэхущхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Каракин Григорийрэ Куржым и Правительствэм и унафэщым Урысей IуэхущхэмкIэ и къулыкъушIэхэр япэ щызэпсэлъащ. ИлъэсиплI ныдэдзэ ящыщ къэралитIым я къулыкъушIэхэр япэ щызэпсэлъар.

ЖЕНЕВЭ зыри щыжаIакъым Абхъазымрэ Осетие Ищхъэрэм зтеухуауэ. «Ешыхэр хэмыту дэ а Iуэхум дытетэсэлъыхьынукъым. Ар Урысейм жиIагъэхэщи, икIи абы дытекIынукъым», - кьыхигъэщащ Карасиным. Абы кьилытащ Куржым и лIыкIуэм зэрыхуэзамрэ зытетэсэлъыхьамрэ фIы кьриюуэну: «Мыпхуэдэ зэIущIэхэм пытщэну ды-зэгурыIуащ, - жиIащ урысей дипломатым.

- Зыр зым хуэшхьдэнщ, зэхуэткIиныр Iэщ Iыб щIын хуейщ. Псалъэм папщIэ, Куржы лъэныкъуэм щигъэт хъунущ «Урысейм ибыда щIыналъэхэр» жиIэныр е «Советхэм Куржыр щыIэщIалъхьам и музей» фIащауэ Тбилисиз дэтыр щIыгъэхуумыщIын щхьэусыгъуэ сльагъуркъым, - жеIэ Куржым щыпсэу зы лъэпкъэм я Ассамблеем и президент Дзасохов Гочэ. Политолог Георхемидзе Демур кьыызэрилытэмкIэ, Урысеймрэ Куржымрэ зэрызэдэлэжьэну щыхьэм унафэ пыухьажа игъэутыну и чэзущ. «КъэралитIым экономикэ и лъэныкъуэкIэ я фейдэуэ абы хэтым нэхъ тедмыщIыхьми, дэ дызэгъусэн хуейщ», - жеIэ Демур.

МАКАРЫЧЕВ Максим.
«Российская газета»

● Залымыгъэ

Зэрыгенералми епльакъым

КНДР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэу щыта Ким Чол мы гъэм дыхьихьа къудейуэ нуклеар. Корее Ищхъэрэм дежкIи еIэлеящ абы кIэлъыплъэрахъа залымыгъэр: пкъом кIэрапхэри минометкIэ ёуащ.

The Daily Telegraph газетым итхыр пэжмэ, апхуэдэ унафэ зыщIар къэралым и Iэтащхьэ Ким Чен Ирщ.

Ким Чол ягъэкъуэншащ Ким Чен Ир хуэмышыгъуэуэ, ефауэ жаIэри. Абы и хьэкумыр щащIа зэманым ирихьэлIэу, иджыри цIыху пщIы бжьигъэхэр лъэужьынщэу кIуэащ. ЖаIэ ахэр дэмэ хэта, къэрал къулыкъу зыIыгъа защIэу. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, къэралым и унафэщI хъуам дзыхь зыхуимышIэр и гъуэгум трегъэкъэбзыкI, кьахуэпэжыну къильытэхэм къулыкъухэр ярет.

«Эхо планеты» журнал.

● Непал



Непал Щым и кIапэ дахэ къыльысащ. Абы щыпсэу цIыхухэм ар зэрызыхащIэм и щыхьэтщ я тхьэхэм я цIэхэр щыпIэ дахэхэм зэрыфIащыр. Къащтэмэ, мы сурэтым щыфIьагъу упэ цIыкIуэхэр нэхъри фаджэ зыщIэхъукIыр бзэгъым и тхьэу къалъытэ Аннапурнэ и цIэр зезыхъэ бгыхэращ.

НапэжIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШИРДИЙ Маринэщ.